



FÒM RAPÒ AFA ENTÈN NAPD

Fòm sa a dwe itilize sèlman pou plent sou ofisye lapolis k ap travay pou Depatman Lapolis North Arlington. Yo ta dwe voye plent konsènan ofisye ki fè respektè lalwa eta a oswa konte yo bay depatman anplwayè a.

Dokinan Enfòmasyon pou Plent Sitwayen

Biwo New Jersey Pwokirè Jeneral la ap fè tout sa yo kapab pou bay sèvis lapolis avèk jistis, efikasite, ak enpasyalite. Sa nan enterè tout moun, pou plent nou resevwa sou nenpòt ki ajans lapolis rezoud avèk jistis, san pèdi tan. Depatman Lapolis la gen pwosedi ki tabli pou mennen ankèt sou plent ou fè a. Pwosedi sa yo ekri yon jan pou garanti jistis, ak pou pwoteje dwa ni sitwayen yo, ni ajan lapolis yo:

1. Yo oblije resevwa rapò ki fèt kont yon ajan/anplwaye lapolis nan men tout moun, menm si se yon moun ki pa vle bay non li, nenpòt kilè.
2. Yo pral aksepte plent yo, san gade sou laj moun, ni sou ras, gwoup etnik, relijyon, si se gason oubyen fi, oryantasyon seksyèl, andikap, oswa kondisyon imigran moun ki pote plent lan.
3. Plent ou pote a pral rive nan men yon ofisye siperyè oswa yon ofisye ki resevwa fòmasyon sou zafè entèn, ki pral mennen yon ankèt konplè avèk objektivite.

4. Yo ka mande w ede nan ankèt la, avèk enfòmasyon detaye ou genyen sou sa ki rive, oubyen avèk lòt enfòmasyon oswa dokiman ki enpòtan.

5. Gen ankèt serye k ap mennen pou tout plent ki pote kont ajan polis yo. Y ap ba ou enfòmasyon sou jan ankèt la mache, ak sou dènye konklizyon ankèt la, si ou mande sa epi ou bay enfòmasyon pou kontakte w. Sanksyon ekgzak yo pran an ap rete konfidansyèl, men y ap fè ou konnen dènye konklizyon an, tankou:
 - a. Pwouve: Gen anpil prèv ki montre yon ajan polis vyole yon lwa, oswa yon règleman, yon direktiv, yon òdonnans, prensip, oubyen yon pwosedi Komisè Gouvènman an oubyen Avoka Konte a, oswa yon pwotokòl ajans lan, yon pwosedi anvigè, yon prensip, oswa yon fòmasyon.
 - b. Pa gen ka: Gen anpil prèv ki montre zak yo rapòte a pa te rive.
 - c. Eskize: Gen anpil prèv ki montre zak yo rapòte a te rive, men li pa te yon vyolasyon okenn lwa, ni okenn règleman, direktiv, òdonnans, prensip, oubyen pwosedi Komisè Gouvènman an oubyen Avoka Konte a, ni yon pwotokòl ajans lan, yon pwosedi anvigè, yon prensip, oswa yon fòmasyon.
 - d. Pa pwouve: Ankèt la pa pote ase prèv ki montre aklè zak la te rive, oubyen li pa te rive.

6. Si ankèt nou montre kapab gen yon krim ki te komèt, n ap fè Avoka Konte a konnen sa. Yo ka mande w parèt pou temwaye nan tribinal.

7. Si ankèt nou an lakòz yo akize yon ajan lapolis paske li vyole yon prensip depatman an, yo ka mande w vin temwaye nan yon odisyon depatman an.

8. Si ankèt nou an montre pa gen ka pou plent lan, oubyen ajan lapolis la te byen aji, dosye a ap fèmen.

9. Ankèt sou zafè entèn yo ap rete konfidansyèl, epi tout sanksyon disiplinè yo ap rete fèmen pou piblik la, sòf si ajan lapolis ki ankòz la mande pou yon odisyon avèk pòt louvri.

10. Ou ka rele Depatman Lapolis North Arlington nan (201) 991-4400 ext. 134 oswa voye yon imèl nan: internalaffairs@northarlington.org ak nenpòt lòt enfòmasyon oswa nenpòt kesyon sou ka a.
 11. Ou ka ranpli fòm sa a epi soumèt dirèkteman nan navigatè w la.
 12. Ou kapab tou retounen Fòm Rapò Afè Entèn yo bay Inite Afè Entèn NAPD an pèsòn oswa pa lapòs. Tanpri enprime fòm ki ranpli a epi depoze, oswa voye pa lapòs bay: Depatman Lapolis North Arlington, ATTN: Inite Afè Entèn, 214 Ridge Road, North Arlington, NJ 07031
 13. Pou soumèt pa faks: 201-997-5368
-

FÒMILÈ POU RAPÒ SOU ZAFÈ ENTÈN

Use the form below to file a complaint for a law enforcement officer within the North Arlington Police Department

Moun k ap pare rapò a (Fakiltatif, men li itil)

Non konplè

Adrès (Nimewo Apatman)

Vil, Eta, Kòd Postal

Preferans?

- Telefòn
- Adrès elektwonik
- okenn
- lòt

Telefòn

Adrès elektwonnik

example@example.com

Dat nesans

Ajan ki ankòz nan deklarasyon an (yo) (Bay tout efòmasyon ou konnen)

Non Ajan an (yo)

Nimewo ekison

Kote ensidan an pase

Dat/Lè

 

Date

Nan espas pi ba la a, dekri ki kalite ensidan ki te rive (panno estòp nan lari, kwaze nan kafou) epi bay tout enfòmasyon ou genyen sou zak lòt moun lan fè a. Si ou pa rive jwenn repons ou pi ba la a, ou mèt sèvi avèk paj siplemantè epi tache yo ak dokiman sa a. Si ou pa konnen non Ajan an, ni nimewo ekison li, bay nenpòt ki lòt enfòmasyon ou genyen pou idantifye li. *

Èske ou te remèt okenn prèv materyèl?

- Wi
- Non

Èske ensidan an te rapòte anvan sa?

- Wi
- Non